

Tès DDAVP a

Kisa Desmopressin lan ye (Desmopressin, DDAVP)?

- Desmopressin oswa DDAVP se yon medikaman yo itilize pou trete plizyè kondisyon diferan, tankou kèk pwoblèm senyen tankou emofili A lejè (karans faktè VIII), Maladi von Willebrand (Von Willebrand Disease, VWD), ak kèk pwoblèm nan fonksyònman plakèt yo.
- DDAVP a sentetik, men li sanble ak yon òmòn kò a pwodui ki rele vazopresin. Yo ka bay li nan yon venn (intravenously, IV), flite li nan nen (Intranasally, IN), epi nan kèk ka anba po a (subcutaneously, SQ).
- Nan dòz ki kòrèk la, DDAVP fè kò a sekrete plis Faktè von Willebrand (von Willebrand Factor, VWF) ak faktè VIII (factor VIII, FVIII) soti nan selil yo pou ale nan san an. Epitou, li ogmante aktivite plakèt yo.
- Pandan gen anpil pasyan ki reyaji byen ak DDAVP a epi yo menm rive ka itilize li pou trete oswa anpeche sentòm senyen yo, enben se pa tout moun ki reyaji menm jan an. Yo fè yon **tès DDAVP** pou teste kijan yon moun reyaji ak DDAVP a epi pou detèmine si yo ka itilize li kòm yon pati nan plan jesyon ak prevansyon senyen pasyan an.

Kisa Tès DDAVP a ye?

- Sa se yon tès pou wè kijan faktè kowagilasyon ou yo (FVIII oswa VWF) reyaji ak DDAVP nan venn (IV) oswa nan nen an (IN).
- Dapre pwoblèm senyen ou genyen an, y ap verifye diferan tès reyaksyon anvan ak apre ou resevwa DDAVP a. Pou moun ki gen VWD, yo verifye nivo VWF la, epi pou moun ki gen emofili A, yo verifye nivo FVIII.
- Tès DDAVP la nòmalman fèt nan youn nan zòn pèfizyon pou pasyan ki pa entène nou yo (CAT/CR), tankou nan Boston Children's Main (Longwood) oswa nan Boston Children's Waltham.
- Ekip ematoloji prensipal ou a ap ede w planifye tès DDAVP ou a.

Èske DDAVP a genyen efè segondè?


<u>Efè segondè moun genyen souvan yo</u>	<u>Efè segondè moun pa genyen souvan, men ki grav yo</u>
• Figi vin tou wouj (sa moun plis genyen an) • Tèt fè mal • Kè plen • Chanjman nan tansyon • Kranp nan vant • Ou santi ou fatige oswa fèb • Ajitasyon	• Medikaman sa a ka lakòz nivo sèl la (sodyòm) fèb. • Lè nivo sèl la (sodyòm) fèb anpil, sa ka mete lavi moun lan an danje, epi menm lakoz kriz, endispozisyon, difikilte pou respire. • Li ka genyen kèk reyaksyon alèjik tou, tankou gratèl, plak wouj, demanjezon, po wouj, po anfle, ti boul sou po, oswa po k ap dekalè, difikilte pou respire, pwoblèm pou vale oswa pou pale, bouch anfle, figi anfle, po bouch anfle, lang oswa gòj anfle.



Ak kisa mwen ka atann mwen nan jou Tès DDAVP a?

1. Yo pral pran siy vital debaz yo ak pwa ou.
2. Yo pral mete yon zegwi nan venn ou (IV) pou yo ka pran san epi ba ou DDAVP a (pèfizyon).
3. Yo pral kolekte echantiyon san debaz yo atravè venn ou (*echantiyon anvan-DDAVP*).
4. Yo pral ba ou DDAVP a atravè venn ou pandan apeprè 30 minit.
5. Yo pral pran plis echantiyon san pandan apeprè 30 a 60 minit apre pèfizyon DDAVP a fini (*echantiyon apre-DDAVP*).
6. Pou kèk moun, jeneralman moun ki gen VWD tip 1 oswa tip 2 yo, y ap pran echantiyon san anplis tou pandan apeprè 4 èdtan apre pèfizyon DDAVP a fini.
7. Yo pral konpare rezilta echantiyon san *apre-DDAVP* yo ansanm ak echantiyon *anvan-DDAVP* yo, yon fason pou detèmine si y ap konsidere w kòm yon “moun ki reyaji ak DDAVP” oswa yon “moun ki pa reyaji ak DDAVP”.
8. Gen yon seri tès laboratwa yo fè sèlman kèk fwa pa semèn (pa chak jou), kidonk rezilta tès DDAVP ou a p ap disponib imedyatman.
9. Ekip prensipal ou a ap kontakte w swa pa telefòn oswa nan yon vizit nan klinik ematoloji a, pou pale avèk ou konsènan rezilta yo epi kreye yon plan jesyon senyen w lan avèk ou.
10. Pandan 24 èdtan apre ou menm oswa pitit ou a fin resevwa DDAVP a, ou ta dwe manje epi bwè nòmalman. Tanpri, evite rete deyò nan moman li fè cho anpil, fè anpil aktivite fizik plis pase jan sa konn ye, oswa chanje kantite dlo ou konn bwè chak jou. Lè w bwè twòp dlo potab apre ou fin resevwa DDAVP a, sa ka lakòz nivo sèl (sodyòm) nan kò ou desann yon fason ki danjere anpil pou lavi w.

Pèfizyon nan venn
sou do men



Lòt kote yo
souvan fè
pèfizyon
nan venn



©2018 Healthwise

Nimewo Kontak Itil yo:

Òganizatè Pwogram Pèfizyon pou Lajouen yo (Day Infusion Program Schedulers): 617-355-6235

Òganizatè Ekip Ematoloji yo (Hematology Schedulers): 617-355-8246

Sit Entènèt ki Itil ak Resous Edikatif yo

Boston Bleeding Disorders Center www.childrenshospital.org/programs/boston-bleeding-disorders-center

National Bleeding Disorders Foundation www.hemophilia.org

New England Hemophilia Association www.newenglandhemophilia.org

World Federation of Hemophilia www.wfh.org

HemAware www.hemaware.org

LA Kelley Communications www.kelleycom.com



Pediatric Bleeding Disorders Program

300 Longwood Ave., Fegan 6, Boston, MA

Telefòn: 617-355-6101 | Faks: 617-730-0641